

Yon Prensip Lidèchip Konfwontasyon



“Yon repons dous detounen kòlè.” Pwovèb 15:1

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Lè yon moun ap konfwonte nou (defye nou) tandans natirèl se pou nou souladefansiv oswa plede. Se paske nou p a vle yo bannou tò. Gen tò se yon bagay moun twouve imilyan, li blese ògèy nou. Donk nou defann tèt nou menm lè nou konnen nou antò oswa nou te egzajere laverite. Pa gen moun ki toujou gen rezon nan tout bagay. Òdinèman, nou tou toujou gen rezon anpati. Se ti moso rezon sila ki bannou pwoblèm. Men poukisa:

1. Paske nou konnen nou gen rezon anpati, nou louvri bouch nou epi nou santi nou lib pou nou bay opinyon nou.
2. Yonfwa nou fin bay opinion nou, nou oblije defann pozisyon nou. Li pa fasil pou nou admèt nou gen tò.

Nou pa kapab genyen bon kominkasyon si nou pa genyen bon relasyon. Bon relasyon bannou dwa kominike opinion nou san nou pa gen konfli. Kominikasyon ki pòv detwi relasyon, gaspiye yon pakèt tan ak enèji, epi anpeche nou rezoud pwoblèm.

Wi, nou kapab genyen diskisyon an, maen nou pèdi batay la oswa pwen nou te vle fè pase a epi pwobableman tou nou pèdi yon zanmi nan bagay sa a. Lè nou pa dakoò ak yon bagay—sa rive tout moun— non sèlman li enpòtan pou nou mete n dakò ak advèsè a vit (Matye 5:25), men tou pou nou dirije epi kontwole ton vwa nou. “Yon repons dous detounen kòlè.” Lè repons nou dous e pi emab, advèsè nou yo va respekte nou epi konsidere

nou pou kontinye diskisyon an.

Se yonbagay ki etonan pou wè kijan pawòl gen pouvwa nan men moun ki konnen kijan pou itilize yo. Mo tankou “Mwen regret” gen anpil fòs, men lè se yon lang dous k ap di yo, yo kapab desame nenpòt moun. Yon repons dous ou bay ak yon vwa dous genyen plis pouvwa pase tank ak fizi.

Genyen 3 kesyon nou dwe poze tèt nou anvan nou antre nan yon deba (diskisyon):

1. Ki konesans m genyen nan domenn nan? Pa montre w twò vanta ni twò konfyan nan tèt ou, men pito w fè kòm si w pa konnen e petèt ou va siprann yo.
2. Ki kalite kontwòl mwen genyen sou emosyon m? Pakite kòlè domine w, respire afon anvan w reponn pou defann tèt ou.
3. Eske m konnen kilè pou m di, “ou kapab byen gen rezon!” oswa “sa se yon bon pwen!”? Tout bon kominikatè konnen kijan pou yo rete enb. Epi se pa anyen pou di “Mwen pa konnen oswa « m pa si.”

Fason nou itilize epi nou manye mo kapab detèmine lagè oswa la pè, zanmi oswa lennmi, epi echèk oswa

siksè nan lavi. Nou dwe sonje li pibon pou jwenn moso nan yon bagay pase pou nou pa jwenn anyen ditou. Nèg ki konnen l konnen pa bezwen rele, leve vwa li oswa gen yon ton blesan. Si li fè sa, se gendwa yon siy ensekirite. Ou kapab trèzanbarase pou wè w genyen tò lè w fin elve vwa w.

Nou kapab evite yon bann pwoblèm epi vin pi pwodiktif lè nou bay mouin ki awogan epi agresif yon repons dous. Lè yon diskisyon kreye plis chalè pase limyè, li lè pou bay yon repons dous epi kite lòt yo anbarase tèt yo ak rèl yo. Nou pa t a do janm vire do nou san nou pa fini diksikasyon nan respè.

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Pibon fason pou genyen se pou bliye konte.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete